



ANDREW M. CUOMO
Gouvènè

Homes and Community Renewal

RUTHANNE VISNAUSKAS
Kominosyonè / CEO

Pwogram sekou pwolonje pou lwaye pandan Kovid la. Fòmilè pou apèl

Direktiv : Tanpri sèvi avèk fòmilè sa a pou w fè yon apèl pou yon aplikasyon pou Pwogram sekou pou lwaye pandan COVID ki te refize oubyen pou w fè yon apèl pou kalkil montan sibvansyon w lan. Si w kwè aplikasyon w lan te refize pa erè oubyen montan sibvansyon w lan ki te apwouve a pa t byen kalkile, w ap gen sèt (7) jou lasemèn depi nan dat lèt refi a oubyen lèt desène a ekri pou w soumèt fòmilè apèl sa a.

Oswa ou gendwa ale sou sit entènèt nou a tou, <https://hcr.ny.gov/rrp>, pou w plis enfòmasyon. Tanpri sonje apèl ou a pap ka konsidere si pa gen lajan ki rete nan fon pou Pwogram sekou pou lwaye pandan COVID la:

Tanpri ranpli tout seksyon nan fòmilè sa a. Ou gendwa soumèt apèl ou a lè w:

Telechaje fòmilè apèl ou ranpli a ak tout dokiman obligatwa yo nan sit entènèt sa a <https://covidrentreliefappeals.hcr.ny.gov>

Tanpri nou vle fè w konnen: Fòmilè sa a disponib nan lang espasyòl, chinwa, bengali, koreyen, kreyòl, ak ris. W ap jwenn tradiksyon fòmilè sa yo nan lenk ki vini aprè a: <https://hcr.ny.gov/crrp-translated-appeal-information>, sepandan fòm sa a dwe ranpli nan lang angle.

1. Enfòmasyon sou aplikan an :

Nimewo konfimasyon an : _____

Non aplikan an: _____

Adrès li: _____

Nimewo telefòn : _____

Imèl (pa obligatwa) : _____

Ou gendwa otorize yon travayè sosyal, avoka, oubyen lòt reprezantan pèsònèl soumèt pou ou yon apèl pou Pwogram sekou pou lwaye pandan COVID. Ou gendwa fè sa depi w bay non reprezantan an,òganizasyon an (si genyen), adrès, nimewo telefòn ak adrès imèl (ki pa obligatwa) epi siyen fòmilè sa a tou. Se pou reprezantan w otorize a siyen fòmilè sa a tou

Gade Pwogram sekou pou lwaye pandan COVID: W ap jwenn Fòmilè pou apèl pou liberasyon reprezantan w otorize a nan fen aplikasyon sa a (Anèks A). Konnen tanpri, se pou fòmilè pou liberasyon reprezantan otorize a (Anèks A) ranpli nan lang angle.

2. Enfòmasyon sou reprezantan an (si genyen) :

Non reprezantan an: _____

Òganizasyon an: _____

Adrès li: _____

Nimewo telefòn : _____

Imèl (pa obligatwa) : _____

3. Tanpri chwazi, youn nan opsyon ki make annapre a, rezon ki fè w ap soumèt yon fòmilè pou apèl:

A. M kwè yo refize ban m èd la pa erè :

- Se nan eta NYS mwen rete e se la ke mwen viv.
- Chay lokasyon mwen an te mal kalkile.
- Revni mwen an anvan 1^{ye} mas 2020 te mal kalkile..
- Mwen panse yo te mal kalkile kob mwen fe.
- Revni mwen an pandan peryòd Covid la kouvri a pa t menm oubyen te plis pase revni mwen an anvan mwa mas 2020.
- Lòt

B. M kwè montan sibvansyon mwen an te mal kalkile..

4. Tanpri sèvi avèk espas ki annapre a pou w eksplike poukisa ou kwè dezisyon HCR la pa t bon. Ou gendwa mete tout paj siplemantè depi sa nesèsè. Se pou w founi kopi tout dokiman alekri k ap pi plis ede reklamasyon w lan. (Pinga voye okenn dokiman orijinal).

Sètifikasyon :

M li enfòmasyon ki make sou aplikasyon an e m pwomèt aplikasyon pou apèl sa a, dapre konesans, enfòmasyon ak kwayans mwen, se laverite, kòrèk, epi konplè. M konprann epi m dakò non m sou metòd elektwonik reprezante siyati mwen epi m soumèt aplikasyon pou apèl sa a. M pwomèt tou m se lokatè nan adrès la, oubyen m reprezantan otorize pou lokatè adrès la epi gen otorizasyon pou m siyen epi plase aplikasyon sa avèk New York State Division of Housing and Community Renewal.

Aplikasyon

Dat jodiya

Anèks A - Pwogram sekou pou lwaye pandan COVID : Liberasyon reprezantan otorize pou apèl

Dat la :

Nimewo konfimasyon w lan:

Non aplikasyon an:

Adrès aplikasyon an :

Nimewo telefòn aplikasyon an :

Adrès imèl aplikasyon an (pa obligatwa) :

Direktiv : Ou gendwa otorize yon travayè sosyal, avoka, oubyen lòt reprezantan pèsònèl soumèt pou ou yon apèl sou desizyon Pwogram sekou pou lwaye pandan COVID la. Ou gendwa fè sa depi w bay non reprezantan an, òganism lan (si genyen), adrès, nimewo telefòn ak adrès imèl (ki pa obligatwa) annapre a epi siyen fòmilè sa a tou. Se pou reprezantan otorize ou a siyen fòmilè sa a tou.

Tanpri sonje : fòmilè sa a fèt pou l ranpli nan lang angle ameriken.

Enfòmasyon sou reprezantan otorize a :

Kijan l rele : _____

Òganism lan (si genyen) : _____

Adrès : _____

Nimewo telefòn : _____

Imèl (pa obligatwa) : _____

M otorize moun ki make anlè a pou aji kòm reprezantan mwen an sou sa ki konsène Pwogram sekou pou lwaye pandan COVID la jouktan m revoke otorizasyon sa a.

M konprann depi m siyen fòmilè sa a, m otorize moun ki make anlè a pou l soumèt yon apèl pou yon desizyon Pwogram sekou pou lwaye pandan COVID ; kominike pou mwen avèk New York State Homes and Community Renewal epi ajan li yo pou fasilite pwosesis apèl mwen an nan Pwogram sekou pou lwaye pandan COVID la.

M konprann m ka, nenpòt lè, revoke tout oubyen moso nan otorizasyon sa a depi m avèti New York State Homes and Community Renewal alekri byen voye yon imèl bay covidrentrelief@hcr.ny.gov.

Aplikasyon

Dat jodiya

Reprezantan otorize

Dat jodiya